

Avoka Distrik nan Suffolk County Rachael Rollins

Kanpe, Bloke epi Pale

KANPE BLOKE epi PALE

Bay timoun ak fanmi yo
mwayen pou yo an
sekirite ak pale byen avè
moun anliy.

Aprann pitit ou metòd pou **KANPE
BLOKE PALE** a:

KANPE: Pran prekasyon avèk sa w ap
afiche ak sa w ap pataje avèk lòt
moun.

BLOKE: Nenpòt moun k ap anbete ou,
nenpòt ki jan. Ou pa bezwen wont fè
sa. Fè rapò pou yo, si sa nesèsè.

PALE: Avèk yon moun ou fè konfyans,
si gen yon bagay k ap anbete w.



AVOKA DISTRIK NAN SUFFOLK COUNTY
www.suffolkdistrictattorney.com
Instagram: @StopBlockTalk

SANT POU DEFANN TIMOUN NAN SUFFOLK
COUNTY
617.779.2146 • www.suffolkcac.org



Instagram se yon pòtay entènèt pou pataje
foto, kote yon itilizatè swiv yon lòt pou gade
foto ak videyo, ak pou fè konvèsasyon. Itilizatè
yo dwe kenbe kont yo prive, epi pèmèt sèlman
moun yo konnen pèsònèlman pou swiv yo.
Kapab sèvi pou gade videyo an dirèk.



Snapchat se yon aplikasyon pou pataje foto /
videyo / istwa, ki di li efase foto yo
otomatikman apre yon tan. Men sèlman, yon
moun toujou kapab konsève foto yo, kidonk se
sèlman kontni apwopriye ki dwe pataje.



Twitter pèmèt itilizatè yo pataje tèks ki kout,
oswa lyen, oswa foto. Kont yo dwe rete prive,
pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl ak anpeche
moun ki pa otorize voye mesaj dirèk.



Facebook (avèk Messenger) se youn nan
rezo sosyal pi popilè ki genyen sou entènèt. Ou
dwe limite enfòmasyon pèsònèl ou yo, epi ou
dwe fè atansyon lè pou afiche ak pataje
enfòmasyon yo. Li kapab sèvi pou difizyon an
dirèk. Messenger se yon zouti nan Facebook.
Itilizatè yo kapab voye mesaj ak rele kontak yo
genyen nan FB.



Kik se yon aplikasyon pou mesajri mobil, kote
itilizatè yo kapab voye mesaj enstantane ak
pataje foto youn ak lòt. Anpil fwa, konn genyen
kontni an tèks oubyen foto dekolte sou pòtay
entènèt sa a. Timoun dwe koresponn sèlman
avèk itilizatè yo konnen pèsònèlman. Ou
dwen gen laj 17an oubyen plis pou sèvi avèk li.



Ask.fm se yon pòtay entènèt ki pèmèt itilizatè
yo poze kesyon youn ak lòt. Poutèt ànonima a,
kesyon yo kapab dekolte oubyen vilgè, kidonk
li enpòtan pou veye itilizasyon an.



Whisper se yon aplikasyon ki pèmèt itilizatè yo
ekri yon "konfesyon" oubyen afiche yon sekre
san yo pa di non yo. Itilizatè yo kapab fè
kòmantè oubyen konekte pou fè konvèsasyon
prive.



Tinder se yon aplikasyon pou randevou ki fasilite
kominikasyon ant itilizatè ki entere youn nan
lòt, epi ki pèmèt moun ki konpatib fè
konvèsasyon. Itilizatè yo dwe pran prekasyon lè
pou sèvi avèk aplikasyon sa a, paske li pèmèt wè
kote moun lan ye.



Reddit se yon pòtay entènèt pou pataje
enfòmasyon. Itilizatè yo mèt afiche nenpòt ki
bagay, depi foto pou rive nan videyo ak istwa
pèsònèl yo. Kontni an ka dekolte oubyen vilgè.



**Ou ka jwen Minecraft, Madden, Call of
Duty,** ak lòt jwèt ankò anliy. Yo tout gen
kapasite ki pèmèt fè konvèsasyon, pale, gade
foto ak videyo, epi anpil lòt ankò. Xbox/PS4
menm jan avèk yon òdinatè / telefòn.



YouTube se yon pòtay entènèt pou pataje
videyo, epi ou kapab antre ladan anliy. Itilizatè
yo ka kreye pwofil pou lòt itilizatè enskri ladan
yo. Pwofil yo dwe prive. Kapab sèvi pou gade
videyo an dirèk.



TikTok se yon kominote videyo global kote
itilizatè yo kreye ak pataje klip videyo ki kout (te
konn rele anvan sa music.ly). Menm jan avèk
pifò nan aplikasyon yo, li kapab genyen kontni
ki dekolte, epi menm materyèl pònografi oswa
ki montre moun k ap fè tèt yo mal. Menm si yon
moun pa konnen yon lòt, yo kapab swiv kont ki
piblik ak pataje mesaj enstantane, oubyen
kòmantè ki pèmèt moun kominike fasil. Pifò nan
itilizatè yo chèche resevwa anpil mak
apresyasyon (like), oubyen jwenn moun k ap
swiv yo, ak zanmi.



Fornite se yon jwèt videyo ki gen plizyè
platfòm, kote pou dènye sivivan an rete kanpe.
Itilizatè a kapab jwe poukont li oswa nan
eskwad, epi timoun jwe la souvan avèk moun yo
pa konnen, yo rankontre anliy. Si yo limen
mikofòn ak opalè yo (ki nòmman nan
kasdekout la), moun ka jwenn konneksyon dirèk
avèk pitit ou. Tanzantan gen gwo mo ki pase,
ansanm ak pawòl sou kesyon sèks. Verifye
kontwòl parantal la byen, epi veye si gen
entrizyon V-buck k ap fèt.

Gade dèyè do a, pou wè konsèy sou jan pou pale avèk timoun sou kesyon sa a.

KANPE BLOKE **epi PALE**

K: Nan ki laj pou pitit mwen rive, anvan pou mwen pèmèt li sèvi avèk rezo sosyal oubyen jwe jwèt sou entènèt?

R: Lè pitit ou (avèk ou) ka gen yon bon konvèsasyon sou sa li ka jwenn sou entènèt : materyèl sou kesyon sèks, pawòl ki gen gwo mo / imaj vilgè, ak predatè ki ka eseye antre an kontak avèk timoun lan.

Epi kenbe sanfwa ou: Si pitit ou di ou yon bagay ki fè ou sezi, eseye kenbe sanfwa ou, epi di li ou vle ede l. Pa mande pou kisa li pa te pale sou sa pi bonnè avèk ou. **Di li mèsè dèske li di ou sa kounye a.**

Resous anliy:

www.connectsafely.org

www.nationalonlinesafety.com

www.netsmartz.org

www.common sense.org

Pou fè rapò sou yon imaj oswa yon videyo:

www.cybertipline.com

Pou Kòmanse

- Èske ou ka montre mwen kèk nan aplikasyon ou yo ? Kilès ladan yo ou ta ka di ou pi renmen?
- Ki aplikasyon ou verifye pi souvan?
- Ki aplikasyon ki fè ou plis plezi ? Kilès ladan yo ki konn pa fè ou plezi? Pou kisa?
- Èske ou ka montre mwen yon bagay ou jwenn sou TikTok ki fè ou anvi ri?
- Èske ou vle montre mwen kèk pwofil zanmi w sou Instagram?
- An nou gade ki foto yo mete, ak kisa yo ka aprann ladan yo.
- An nou li kèk nan kòmantè ki sou foto yo, pou wè si genyen ladan yo ki se yon bon oswa yon move lide.
- Kisa ou ta ka di sou YouTube? Ki videyo ou pi renmen kounye a?
- Èske ou ka montre mwen kouman pou sèvi avèk Snapchat? Èske ou ka montre mwen kèk nan filt ou sèvi yo?

Pou Kontinye

- Èske janm gen yon moun ki afiche yon foto ou, ki fè ou pa santi ou alèz?
Kisa ou te fè lè sa te rive w?
- Èske ou janm resevwa yon tèks yon moun ou pa konnen voye ba ou?
Kisa moun sa a te di ou?

- Èske ou gen moun ki konn mande w enfòmasyon tankou laj ou, kisa ou renmen, elatriye?
Kisa ou reponn yo?
- Èske ou janm gen moun ki poze ou kesyon ki yon jan malelve?
- Èske gen nan kesyon sa yo ki anrapò avèk sèks?
Kisa ou fè lè sa a?
- Èske ou janm gen moun ki mande ou yon foto w? Epi ki di se yon foto toutouni li vle?
- Èske ou janm gen moun ki voye yon foto toutouni ba ou ? Mwen konnen sa konn rive, kidonk ou mèt di mwen. Èske sa konn rive avèk youn nan zanmi w ? Èske zanmi w janm fè sa?
- Èske gen moun ki janm mande pou li kokntre avèk ou? Èske gen moun ki janm di l ap vin chèche w yon kote?
Kisa ou fè lè sa a?
- **Èske gen nenpòt kisa ou santi ou jennen pou ou di mwen ? Pa gen pwoblèm, ou mèt di mwen.**
- **Èske gen yon lòt moun ou santi ou ta ka pale avèk li, sou yon kesyon k ap anbete w?**
- **Mwen kontan anpil dèske ou montre mwen bagay sa a. Ou mèt pale avèk mwen nenpòt kilè sou bagay sa yo, epi pa gen anyen ki pral rive w si ou bezwen mwen ede w.**
- **Si gen yon bagay ki twò difisil pou ou pale sou li, ou toujou ka ekri li.**